**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 2**
**(279)**

**Нукус-2025**

*наук Республики Узбекистан, Нукус*

В статье рассматриваются произведения народного писателя Каракалпакстана Г.Есемуратовой, написанные в период независимости о произведениях «Мыңда бир кеширим», «Ата-анам боларма еди», «Мүршида Бекполатова ким?», «Ким тыңлайды муңымды», «Гөнерген сүренлер» и другие, где описывается жизненная правда как легенда. События и герои в этих повестях писателя ценны тем, что взяты из жизненной правды. Каждая повесть богата документами, образами и имеет своих прототипов. Именно эти стороны вызывают большой интерес у читателя. Тем самым выбор темы автором в создании сюжета и образа, задач раскрытия мастерства сделан при последовательном анализе.

**Life truth in stories... (Based on the stories of G. Yesemuratova)**

**Bekbergenova Z.U.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan, Nukus*

This article discusses the works of the people's writer of Karakalpakstan G. Yesemuratova written during the period of independence about the works "Minda bir keshirim", "Ata-anam bolarma edi", "Murshida Bekpolatova kim?", "Kim tinlaydi munimdi", "Gonergen surenler" et cetera, where a number of stories describe the truth of life, as a legend. The events and heroes in these stories of the writer are especially taken from the truth of life. Or, each story of the writer is rich in documents, the images have their prototypes. It is these sides that arouse great interest in the reader. Thus, the author's choice of theme, the creation of the plot and image, the task of revealing the mastery of the confrontation of the period, a consistent analysis was made.

# ЭТНОГРАФИЯ ҲӘМ ФОЛЬКЛОРДЫҢ СИНТЕЗЛИК ИЗЕРТЛЕНИЎИ

**Утамбетова А.Ж.**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис қаласы*

Ҳәзирги ўақытта қарақалпақ әдебияттаныў илими менен фольклортаныўшылығы жаңа басқышларға көтерилип атырғанлығын қәнигелер менен зыялы жәмийетшилик жақсы биледи. Усы пикирлеримиздиң мысалы ретинде фольклортаныўшы илимпазлар Ж.Хошниязовтың миф ҳәм дәстанларға байланыслы фундаменталь мийнети: «Мифлер ҳәм дәстанлар: Генезиси, Спецификасы, Дәўирлик қатламлары» (Ташкент, Anorbooks, 2022) ҳәм К.Палымбетовтың «Қарақалпақ халық исеним ырымлары» (Ташкент, «Lesson Press», 2023) атамаларындағы монографиялары сөзимиздиң айқын дәлийли есапланады.

Бизиң дыққатымызды қаратып отырған профессор К.Палымбетовтың жоқарыдағы атап өткен монографиясында халық аўызеки әдебиятының жанрларының бири, усы дәўирге шекем көзге илинбей киятырған, анығырағы оған жатырқап қарап, ескиликтиң сарқыты деп есапланып, идеологиялық көз-қараслардан тыйым салынып, сөз қозғаў мүмкиншилиги болмаған халық исеним ырым-тыйымлары арнаўлы илимий түрде изертленип, үйренилип, итибарлы ой-пикирлер ортаға салынған. Оның илимий тематикалық, проблематикалық бағдарлары теманың тың ҳәм актуальлығында көзге тасланады.

Ҳақыйқатында басқа дүньяның барлық халықлары сыяқлы қарақалпақлар арасында да «ырым-тыйымлар» деп аталып, соңғы ўақытлары бизден басқа фольклористика менен этнографияда изертленип киятырған үрп-әдет ҳәм аўызеки әдебияттың киши жанрлары әййемнен бар екенлиги, оның халық тарийхының бәрше басқышлары менен жолдас болып, усы ўақытқа шекем жоқ болып кетпей жетип келгени үлкен социал-психологиялық, руўхыйлық, ақыл-парасат ҳәм улыўма философиялық бай ғәзийне болып табылады. Бирақ усы күнлерге шекем бул мол руўхый байлыққа кеўил аўдарып изертлеўге, оны үгит-нәсиятлаўға тыйым салынып қадағалыў астына алынғаны, әлбетте, коммунистлик партиялық идеологияның, сталинлик репресияның кесапаты екенлигине толық итибар берсек орынлы. Демек, сөз етилип атырған монографияда автор К.Палымбетов усы мәселеге мийнеттиң ҳәр бир бап, қәлеген бөлимлеринде дыққат аўдарып пикирлер айтып, сол принципти мийнет орайына қойып изертлеў жуўмақларын усыныўы ҳәр тәреплеме заманагөй көз-қараслардан да, улыўма инсаныйлық адамгершилик, этикалық-философиялық жағынан да зәрүрли ҳәм әҳмийетли болып есапланады. Жоқарыда айтқанымыздай бүгинге шекем көбинесе ерси, диний исенимниң сарқыты деп көз жумып келген «ырым-тыйымлар» фольклорлық жанр ҳәм халық үрп-әдетлери менен ақыл-парсат философиясының, ҳәттеки медицина сыяқлы илимниң де негизи болып хызмет ислеп, жәҳәнниң барлық халық ҳәм миллетлери арасында өмир сүрген, үлкен тәрбиялық, педогогикалық, психологиялық роль ойнағанлығын, ырасында көпшилик жәмийетшлик К.Палымбетовтың усы баҳалы мийнети менен танысып оқыған соң анық билип көз жеткизиўи, тек ғана усы илимпаз-фольклористтиң емес, ал пүткил қарақалпақ фольклортаныўшылығы менен әдебияттаныў илиминиң, халық ақыл-парасат философиясының салмақлы жеңиси деп қаралса арзыйды. Өйткени мийнетте ҳәр тәреплеме

толық айтып дәлийленгени сыяқлы «ырым-тыйымлар», халық исеним философиясы менен медицинасының нышанлары халық арасында кең таратыўшы жанрдың түрлише фольклористикалық, этнографиялық, тарийхый философиялық сыпатлы белгилерине усы ўақытқа шекем атақлы илимпазлар кеўил аўдарып, салмақлы изертлеўлер жүргизип жәриялаған екен. Мысалы философ ҳәм фольклористлер деп есапланған В.Е.Гусев, В.Я. Проип, Б.Н. Путилов, Е.Г. Павлова, В.Панько, С.А. Токарев, өзбек илимпазларынан Т.Мирзаев, Б.Саримсақов, И.Ерматов, қарақалпақ фольклортаныўшылары Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетовлар үлкен әҳмийет берип, итибарлы пикирлер айтқан, олардың айырымлары бул саладағы әдебий сөз өнери ҳәм дүньятаныўшылық қәсийетлери ҳаққында комунистлик идеология ҳүкимлик етип турған пайтларда есабын таўып иретли орынларға «ырым-тыйымларға», халық исенимлерине итибар берип жақсы ой-пикирлерин жасырып қалдырмай айтқан, халықлық миллий данышпанлық, болжаўшылық, дүньятаныўшылық ой-пикирлерге толы сөз өнерине өзлериниң унамлы пикирлерин тасаға қалдырмаған. Әсиресе, бул бағытта сөз етилип атырған монографияда Н.Дәўқараев, Қ.Айымбетовтың миллий патриотлық ой-пикирлери, илимпаз ҳәм жазыўшылар А.Әбдиевтиң, Т.Қанаатовтың ҳәрекетшеңлиги, сезимталлығы орынлы тилге алынып, илимпаз автор К.Палымбетов олар менен есапласып, оларға сүйенип изертлеўлер жүргизгенде де академик Ж.Базарбаев, қаҳарман археолог Ғ.Хожаниязов, тарийхшы О.Юсуповлардың пикирлерин келтирип, орынлы, исенимли жуўмақлар шығарғанын көриўимизге болады. Усы сыпатлар фольклортаныўшы К.Палымбетовтың аталған монографиясының илимий-теориялық дәрежесин терең аңлатады десек орынлы болар. К.Палымбетов ҳәм басқалардың да дурыс көрсеткениндей фольклор: «мазмуны, идеясы, сюжети, композициясы, атқарыў усылы, стили ҳәм формалық өзгешелиги бойынша бир неше жанрларға бөлинеди. Олар көлеми жағынан жүдә үлкен ҳәм қысқа болыўы мүмкин. Солай екен халық арасында нақыл, мақал, сыйқыр, дуўа, қанатлы сөзлер, ушырма гәплер, қысқа гүрриңлер, жылаў, жоқлаў, алғыс, ғарғыс, пәтия, жумбақ, басқы, пал ашыў, ырым, тыйым, сыяқлы ҳәм т.б фольклорлық киши жанрлары ушырасады. Оларды илимде паремеологиялық жанрлар деп атайды.

**Паремия** – грекше pariomia – «тымсал, астарлы гүрриң» дегенди аңлатады. И.Ерматов паремия жанрына тийисли «фольклор үлгилерин грекше атамасына «айтым» сөзин синоним түринде қолланыўды усыныс етеди» деген [2:3].

Және де К.Палымбетовтың өзинен бурынғы илимпазлар менен ҳақыйқат көркемлик қысқа текстлик фактлер менен илимпазлардың пикирлерине сүйенип: «Фольклордағы усындай паремиялық жанрдың бирине ырым-тыйымлар да киреди. Оларды фольклор дөретпеси сыпатында қараў ҳәм үйрениў мәселеси жәҳән фольклортаныў илиминде әлле қашан-ақ қолға алынған» деп жүдә көплеген фольклоршыларының мийнетлерин силтеме сыпатында орынлы келтирген [2:4]. Илимпаздың дурыс атап өткениндей, ырым-тыйымлар лингвистикалық аспектте, этнографиялық бағытта, тарийхый-археологиялық көзқарастан да бираз пикир изертлеўлер жүргизилген, ол бирақ бизде бул фольклористикалық бағыттан изертленбеген. «Ырым-исенимге байланыслы пайда болған ески үрп-әдеттиң бир түри» деген қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигинде анықлама ҳәм оның биз сөз етип отырған мийнетте келтирилиўи, бизиңше бул жанрлық дәрежеде қоспалы болған халық дүньятанымының бир бөлеги, характери ҳәм ҳәрекетшең ақыл-парасат нышаны, соған қосымша халық даналығының өзи кишкене, қысқа болса да нақыл-мақаларға, жумбақларға мегзес өткир, тереңлиги басым мазмунлық-формалық бир пүтин дүньялық ғәзийне екенин аңлатады. Ал усы қоспалы руўхыйлық бир пүтинликтен фольклорлық сөз өнери қәсийетлерин таңлап ажыратып алып илимий пикирлер жүритиў аңсат ўазыйпа емес. Бирақ илимпаз К.Палымбетов усы ўазыйпаны дурыс ҳәм табыслы орынлай алғаны монографияның унамлы сыпаты болып есапланады. Фольклоршы илимпаз бул жолда монографияның ишки композициясын дурыс талапқа муўапық түрде, мүмкиншилигинше шеберлик пенен дүзген. Дүзилген композицияның өзине тәнлиги мийнеттиң бир пүтинлигин тәмийнлеп, ырым-тыйымлардың характерли өзгешеликлерин дурыс анықлаўға жол ашады. Мысалы, монография мынадай бөлимлерге ажыратылып таллаўлар жүргизилгени фольклордың бул жанрының сыпатлы белгилерине дурыс жуўап береди, оның мазмунлық, формалық өзине тәнликлерин объектив тәризде көз алдымызда елеслетип, илимий, әдебий ҳәм фольклористикалық ой-пикирлерди байытыўға себепши болады. Атап айтқанда, кириспе ҳәм жуўмақтан тысқары «ырым-тыйымлардың мазмунлық өзгешелиги; «ырым-тыйымлардың мәниликструктуралық өзгешелиги; «қарақалпақ халық исеним ырымларының пайда болыў дәреклери; «исеним ырымлардың дәстан экспозициясында сәўлелениўи; «дәстанлардың сюжетинде исеним ырымлардың тутқан орны ҳәм көркемлик функциясы» деген бөлимлери жүдә орынлы.

Усы бөлимлерге сәйкес түрде китапта айтылғанындай, ең алды менен исеним ырым-тыйым халықтың тарийхый раўажланыўының ең әййемги дәўирлеринен баслап дөретилип, авторлары умытылса да жыллар, дәўирлер өткен сайын толықтырылып, байытылып халықлық миллий тәжирийбе ҳәм болжаўшылық

дүньятанымлардың айнасы сыпатында байыў, өсиў процеслерин бастан кеширген. Ең әййемги дәўирлерден баслап оғада дурыс ҳалда халық исенимлеринде, ырым-тыйымларында тәбиятты; жерди, суўды, аспанды, айды, жулдызларды, күшли ҳайўанатлар менен бирге мөминлик, жумсақлық, жолбарыс, қасқыр, ийтлерге қоса қой-жанлықлар, ушқыр қуслар менен қатар сулыў ҳәм сайрағыш бүлбиллер менен бүркитлерге байланыслы, ҳәтте үй жаныўары пышықларға тийисли болған ырым-тыйымлар дөретип, олардың халықтың руўхый дүньясында узақ ўақытлар ямаса мәңгилик өмирин пайда етип отырған. Мысалы, «Алдыңнан қара пышық кесип өтсе жолың болмайды, ойлаған ис-мақсетиң жүриспейди», «Ақ қуў қусты атпа, өлтирме!», «Ийтти тепсең сол үйдиң ямаса тепкен адамның бахты таяды», «Бас кийимди қәстерлеў керек, оны ылақтырыўға болмайды», «Үйге сырттан жуўырып кирме», «Дизеңди қушақлап отырма, жатпа, жалғыз болып қаласаң», «Бүйириңди таянып, түргелип турма», «түнде тырнақ алма, өмириң қысқарады», «Алақанның қышығанда қолыңа қәрежет пул түседи», «Есикти теўип үйге кирме» ҳәм т.б. улыўма халықлық тәризде миллий ҳәм жеке тәжирийбелердиң негизинде пайда болған. Олар ҳәзирге шекем ең жас әўладты есапламағанда кексе ҳәм орта жастағы ақыл парасаты жетерли инсанлар арасында айтылып жүрген фольклор үлгилери екенлигин бүгинги көпшилик жәмийетшилик жақсы биледи. Ырым-тыйымлардың усындай мазмунлық ҳәм формалық сыпатлары мәңгилик структуралық өзгешеликлери К.Палымбетовтың монографиясында қарақалпақ фольклористикасында туңғыш рет қызықлы, әпиўайы, түсиникли тил менен таллаўларға тийкарланған, илимий-теориялық жуўмақлар шығарылғаны үлкен әҳмийетке ийе. Усындай илимий бағдарлары арқалы монографияда дәслепки үш бөлим бир-бирин толықтырып, оларда халық арасындағы ырым-тыйымлар жақсы талланып бир-бирин толықтырып турады.

Ал монографияның соңғы еки бөлими атамаларының өзи аңлатып турғандай-ақ, ырым-тыйымларға байланыслы ис-ҳәрекетлер менен сюжетлер, олардың фразалық, қара сөз формаларының дәстанларда сәўлелениўи сөз етиледи. Бунда қарақалпақ дәстанлары «Алпамыс», «Қырық қыз», «Қоблан», «Шәрьяр», «Мәспатша» дөретпелери тийкар етип алынып, талқыланады.

Халқымыздың ырым-тыйымларына тийисли характерли фактлердиң бирин атап көрсететуғын болсақ: базыда бизлер ҳәзирги ўақытта адамлардың алтынға, гүмиске қумарлығын, қызығыўшылығын ҳәдден асыўшылық, байлыққа қумарлық деп унамсыз баҳалаймыз. Ал ең әййемги дәўирлерде де алтынға, айға, күнге сыйынып, олардан нур алып, нур сиңирип утымлы өмир сүриўди халық ырым еткен. Сол ырымлар бир неше қарақалпақ дәстанларында ушырасып сүўретленеди, оларды жыраўлар қобыз намаларына салып жырлайды. Мысалы «Қырық қыз» дәстанында мынадай қатарлар бар:

Алтыннан бесик соқтырдың,
Жипектен жөргек салдырдың,
Бетимди айдай болсын деп,
Алтыннан айды ойдырып,
Илдирип қойдың төсиме,
Әрманым буннан қалмады [2:104].

Ал «Мәспатша» дәстанында усыған уқсас ырымлар: «Барлық пенен өссин деп, Ай соқтырып алтыннан, қапталына қыстырды» [2:106] деп көрсетилген. Дәстан сюжетлериндеги бул деталлық қатарлар, әлбетте, халық ырым-тыйымларының фольклордың басқа да эпикалық жанрларына сиңисип, синтезленип кететуғын қубылысларын аңлатып турады. Айтайық, халыққа ең кең тарқалған «Алпамыс» дәстанындағы қаҳарман образларын бийик аспанда ушып баратырған ғазлар менен сырластырып жаратыў, Байшубар тулпардың гүлдир-гүлдир киснеп зинданда жатырған өз ийеси Алпамысты қутқарыўы ҳәм т.б. монографияда кең ҳәм мүмкиншилигинше терең сөз етилген ырымлардың айқын сәўлеси.

Жуўмақластырып айтқанымызда фольклордағы усындай сырт көзге онша елестириле бермейтуғын киши жанрлық түрдиң өмиршеңлиги менен социаллық-жәмийетлик әҳмийети, олардың пайда болыў ҳәм раўажланыў эволюциясы, этикалық-психологиялық, философиялық, әдебий сөз өнери сыпатындағы қәсийетлери ҳаққында жүзеге келген бул мийнет тек ғана таза илимий фольклортаныўшылық көзқарастан емес, ол заманагөй жас әўлад ушын үлги болатуғын тәрбиялық турмыслық әҳмийетке ийе деп есаплаймыз.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Хошниязов Ж. Мифлер ҳәм дәстанлар: Генезиси, Спецификасы, Дәўирлик қатламлары. – Ташкент: Anorbooks, 2022.
2. Палымбетов К. Қарақалпақ халық исеним ырымлары. –Ташкент: «LESSON PRESS», 2023.


**Этнография ва фольклорнинг синтезлик тадқиқи**


**Утамбетова А.Ж.**

*Ўзбекистон Республикаси Фанлар академияси Қорақалпоғистон бўлими Қорақалпоқ гуманитар фанлар илмий-тадқиқот институти, Нукус*


Мақола филология фанлари доктори, профессор, фольклоршунос олим К.Палымбетовнинг «Қорақалпоқ халқ эътиқод